**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—10.10.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनावक पहिल चरणक अधिसूचना आई जारी भऽ गेल अछि। एकर संगहि नामांकनक प्रक्रिया सेहो शुरू भऽ गेल अछि। पहिल चरण मे छओ नवम्बर के पटना, दरभंगा, मधेपुरा, सहरसा, मुजफ्फरपुर, खगड़िया, वैशाली, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर सहित अठारह जिलाक एक सय एकैस विधानसभा सीटक लेल मतदान होयत। नामांकनक अंतिम तिथि सत्रह अक्टूबर धरि निर्धारित अछि। अठारह अक्टूबर कँ नामांकन पत्र सभक जांच होयत। ओतहि बीस अक्टूबर धरि नाम आपस लेल जा सकैत अछि। निर्वाचन आयोग नामांकन केंद्र सभक लऽग कड़गर सुरक्षा व्यवस्था के निर्देश देलक अछि। नामांकनक लेल प्रत्याशी के संग मात्र तीन वाहन आ प्रस्तावक सहित बेसी सँ बेसी पांच व्यक्ति जा सकताह। पूरा नामांकनक प्रक्रिया के वीडियोग्राफी सेहो कयल जायत।

---

एनडीए आ महागठबंधनक घटक दल सभक बेसी सँ बेसी संख्या मे सीट सभ पर दावेदारी के कारण एखन धरि दुनू गठबंधन मे सीट शेयरिंग के फॉर्मूला निर्धारित नहि भऽ सकल अछि।

---

एम्हर, एनडीए मे सीटक बंटवारा के लऽकऽ आइ सेहो भाजपाक वरिष्ठ नेता नित्यानंद राय  लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान सँ भेंट कयलनि। बाद मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री पासवान कहलनि जे एनडीए मे सभ किछु सकारात्मक अछि। नीक ढंग सँ वार्ता चलि रहल अछि आ शीघ्रहिं सीटक घोषणा कऽ देल जायत। भाजपा नेता नित्यानंद राय कहलनि जे गपशप सकारात्मक वातावरण मे भऽ रहल अछि आ शीघ्रहिं एकर परिणाम सोझा आओत। एहि मध्य जदयू प्रवक्ता नीरज कुमार कहलनि अछि जे एनडीए के पांचों घटक दल पूर्ण रूपेण एकजुट छथि। किनको मे कोनो नाराजगी नहि अछि। शीघ्रहिं सीट बटवारा सेहो भऽ जायत। हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के अध्यक्ष संतोष कुमार सुमन कहलनि जे ओ मजगूती के संग एनडीए मे छथि।

—————————————————————————————

एहि सँ पहिने आई भोरे भाजपा के बिहार प्रभारी आ पार्टीक वरिष्ठ नेता ऋतुराज सिन्हा राष्ट्रीय लोक मोर्चा अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा के आवास पर जाकऽ हुनका सँ गपशप कयलनि। एहि दरमियान मुख्य रूप सँ सीटक बटवारा के लऽकऽ चर्चा कयल गेल। एम्हर आइ पटना मे भाजपा आ जदयू नेता लोकनिक एक बैसक भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के आवास पर आयोजित कयल गेल। बैसक मे जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा, प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा, वरिष्ठ नेता ललन सिंह आ विजय चौधरी उपस्थित छलाह। भाजपाक चुनाव प्रभारी धर्मेन्द्र प्रधान आ पार्टीक बिहार प्रभारी विनोद तावड़े सेहो एहि बैसक मे सम्मिलित भेलाह। बैसक मे सीटक तालमेल के लऽकऽ मुख्य रूप सँ चर्चा कयल गेल।

—————————————————————————————

महागठबंधनक घटक दल सभक मध्य सेहो सीटक बंटवारा के लऽकऽ एखनधरि सहमति नहि बनि सकल अछि। राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव गतिरोध के समाप्त करबाक लेल विकासशील इंसान पार्टीक अध्यक्ष मुकेश सहनी के संग गपशप कयलनि। सीपीआई आ सीपीएम के राष्ट्रीय महासचिव सेहो सीट बंटवारा के मुद्दा के सोझरेबाक लेल पटना मे छथि। आइ कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद के मध्य सेहो सीटक बंटवारा के लऽकऽ गपशप हेबाक संभावना अछि।

—————————————————————————————

राष्ट्रीय जनता दल संसदीय समिति के बैसक आइ पटना मे पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी के आवास पर आयोजित कयल गेल। बैसक में सीट शेयरिंग सहित उम्मीदवार लोकनिक चयन पर विचार–विमर्श कयल गेल। बैसक के बाद पार्टी प्रवक्ता शक्ति सिंह यादव कहलनि जे सर्वसम्मति सँ राष्ट्रीय अध्यक्ष लालू प्रसाद के चुनाव सँ संबंधित अंतिम निर्णय लेबाक लेल अधिकृत कयल गेल अछि।

—————————————————————————————

मोहनिया सँ राजद विधायक संगीता कुमारी विधानसभा के सदस्यता सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि।

---

निर्वाचन आयोग बिहार विधानसभा चुनावक दरमियान आ वरिष्ठ नागरिक आ दिव्यांग लोकनिक लेल वैकल्पिक डाक मत पत्रक स्वीकृति देलक अछि। एहि श्रेणी सँ संबंधित मतदाता चुनाव अधिसूचना जारी हेबाक पांच दिनक भीतर फॉर्म बारह–डी के माध्यम सँ रिटर्निंग ऑफिसर के आवेदन कऽ सकैत छथि। जे पात्र मतदाता एहि व्यवस्था के विकल्प चुनताह हुनका मतदान दल मतपत्र वितरित करताह। जाहि सँ मतदानक गोपनीयता बनल रहत। ई सुविधा वैकल्पिक अछि आ डाक विभाग सँ फराक अछि। आयोग स्वयं प्रेषण आ संग्रहण के देख–रेख करत।

---

निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे मतदाता फोटो पहचान पत्रक अलावे बारह वैकल्पिक फोटो पहचान पत्र मे सँ कोनो एक पहचान पत्र देखाकऽ मतदाता मतदान कऽ सकैत छथि। एहि पहचान पत्र मे आधार कार्ड, पैन कार्ड, पासपोर्ट, ड्राईविंग लाइसेंस आ बैंक अथवा डाकघर द्वारा जारी फोटो युक्त पासबुक सम्मिलित अछि।

---

उप राष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन काल्हि एक दिवसीय दौरा पर बिहार अओताह। श्री राधाकृष्णन लोक नायक जयप्रकाश नारायण के पैतृक गाम सारण जिलाक सिताब दियारा मे हुनक जयंती पर आयोजित कार्यक्रम मे सम्मिलित हेताह।

---

समाप्त